

## Egzijans pou

### Elijibilite

Pou w elijib pou pwogram sa a, fòk ou:

- Abite nan eta Indiana
- Fè dyagnostik VIH pozitif
- Gen nivo revni ki pi ba pase 300\$ nan Nivo Povrete Federal la (FPL)
- Pa gen okèn lòt kouvèti asirans konpreyansif ki disponib atravè asirans anplwayè, konjwen/patnè domestik, paran, asirans prive, Medicaid oswa Medicare
- Travay avèk yon manadjè dosye nan yon sit swen ki finanse pa Ryan White pou enskri nan epi rete enskri nan pwogram sa a

Pale ak manadjè dosye a pou wè si w elijib.

### Pwoblèm Kouvèti

Si w resevwa yon fakti oubyen si famasi w mande w peye pou preskripsyon w yo, kontakte manadjè dosye w a touswit. Y ap ka travay ansanm ak Pwogram Sèvis VIH la pou revize sityasyon an epi ede rezoud nenpòt pwoblèm.

**Rapèl Enpòtan:** ADAP/EIP pa kouvri depans pou swen entèn lopital ni konsiltasyon nan sal dijans. Se poutèt sa li esansyèl pou w pale ak manadjè dosye w sou kesyon jwenn kouvèti sante konpreyansif—konsa w ap kouvri nan tout sityasyon.

## Pwogram Asistans Medikaman SIDA ak Pwogram Entèvansyon Bonè

Pandan ou travay pou w akèri kouvèti konpreyansif, ou ka petèt elijib pou w resevwa medikaman ak sèvis gratis pou w—epi sa a ep ede w rete an sante epi kontinye jwenn swen w san entèripsyon.



Division of  
**HIV/STI and  
Viral Hepatitis**



[in.gov/health](http://in.gov/health)

**Pwogram Asistans  
Medikaman SIDA ak  
Entèvansyon**



## Apèsi

ADAP/EIP konpoze a de pwogram: **Pwogram Asistans Medikaman SIDA a (ADAP)** ak **Pwogram Entèvansyon Bonè a (EIP)**.

ADAP se yon pwogram asistans medikaman ki bay aksè nan yon seleksyon limite de medikaman ki apwouve pa FDA a spesifikman pou trètman VIH ak kondisyon ki asosye ak li. Yo pa konsidere li kòm asirans sante. ADAP peye 100% pou medikaman ki sou Fòmilè ADAP/EIP a. Ou ka plen preskripsyon w nan nenpòt famasi ou chwazi.


EIP peye 100% pou yon kantite sèvis medikal limite tankou konsiltasyon kote yon founisè swen sante ak sèvis laboratwa. Si w entènè lopital oubyen bezwen ale nan sal dijans lan, EIP p ap kouvri okèn depans pou w entènè.

Pwogram sa a fèt sèlman pou li sèvi pandan yon ti tan jiskaske asirans konpreyansif vin disponib.

### Kijan pwogram lan mache?

Pwogram lan administre pa ProCareRX ak Unified Group. ProCareRX siveye benefis preskripsyon yo, pandan Unified Group jere benefis medikal.

Ou pral resevwa yon kat pa lapòs k ap soti nan men Unified Group, parèy sa ki anba a.



## Kisa pwogram lan kouvri?

Pwogram lan kouvri yon seleksyon limite de medikaman ak sèvis medikal, ki detaye nan Fòmilè ADAP/EIP a. Medikaman yo enkli nan seksyon ADAP la, pandan sèvis medikal yo detaye nan Lis EIP a. Yo mete Fòmilè a ajou regilyèman pandan yo ajoute nouvo trètman ak sèvis.

Skane pou wè  
Fòmilè ADAP/  
EIP a:



### Kilè kouvèti a ap aktif?

Pwogram sa a ap aktif apati vandredi nan semèn Pwogram Sèvis VIH la trete aplikasyon an (lendi pou jedi). Si yo trete li nan vandredi, l ap vin aktif nan pwochen vandredi a.

### Konbyen tan mwen ka rete sou li?

Tanpri remake sa a pa yon plan asirans konpreyansif. Ak soutyen nan men manadjè dosye w, ou dwe aplike pou kouvèti atravè Medicaid, Medicare, Mache Asirans lan, oubyen asirans anplwayè w pi vit ki posib. Ou ka kontinye ap resevwa sèvis atravè ADAP/EIP jiskaske nouvo kouvèti w vin aktif.

## Konsèy

- Pou anpeche entèripsyon nan kouvèti, asire w renouvle enskripsyon w nan pwogram lan ak manadjè dosye w chak sis mwa. W ap oblije renouvle pandan mwa fèt nesans ou epi ankò sis mwa apre sa. Pandan randevou w, asire w pale ak manadjè dosye w sou kesyon enskripsyon nan kouvèti swen sante konpreyansif ki pi byen soutni bezwen medikal ou yo pou pwochen ane a.
- Pòte kat Unified Group ou nan tout konsiltasyon kay doktè, randevou pou tès laboratwa, ak lè w ale nan famasi. Founisè yo pral bezwen li pou yo faktire pwogram lan kòrèkteman.
- Mande manadjè dosye w yon kopi Fòmilè ADAP/EIP a konsa w ap ka pataje li ak founisè swen medikal ou pandan w ap diskite sou swen w ak opsyon w pou trètman.

Skane kòd QR anba a pou aprann plis bagay sou Pwogram Sèvis VIH la:

